УДК 811.352.3
DOI: 10.31007/2306-5826-2020-3-46-90-96

# АДЫГЭБЗЭМ И ЛЭЖЬЫГЪЭЦIЭ ПСАЛЪЭЩI IЭМАЛХЭР

**Шэру Нинэ Гъумар ипхъу**, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым − Федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ IуэхущIапIэ «Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центр» «Федеральнэ щIэныгъэ центрым» и филиалым адыгэбзэ секторым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь, nina.sherieva@mail.ru

Мы статьям къигъэлъэгъуэну и къалэнщ, япэрауэ, адыгэбзэм и лэжьыгъэцIэ псалъэщI IэмалхэрI; етIуанэрауэ, лъабжьэгъусэхэм псалъэ ухуэным щаубыд увыпIэр. Ди къэхутэныгъэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, иджырей адыгэбзэм лэжьыгъэцIэхэр кърагъэхъуу къыщагъэсэбэп лъабжьэпэхэр, лъабжьэужьхэр, лъабжьэгъусэхэр (лъабжьэпэ-лъабжьэужьхэр), псалъэзэхыхьэр. Бзэм и ухуэкIэр зэхэтхун мурадкIэ къыхыдогъэщхьэхукI нэхъыбэрэ къагъэсэбэп лэжьыгъэцIэ псалъэпкъыщI моделхэмрэ IэмалхэмрэI. Псалъэпкъым пыувэ лъабжьэгъусэхэм зэкIэлъыкIуэкIэ пыухыкIа яIэщ. Лэжьыгъэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, лэжьыгъэцIэ псалъэпкъыщI лъабжьэужьхэм морфемэ зэкIэлъыкIуэкIэ гъэпсыкIиплI, лэжьыгъэцIэ псалъэпкъыщI лъабжьэпэхэм морфемэ зэкIэлъыхьыкIэ гъэпсыкIибл хыбогъуатэ.

Щхьэхуэу къыхэгъэщыпхъэщ мы статьям япэ дыдэу бзэщIэныгъэхэмкIэ доктор БищIо Б. Ч. зэхилъхьа адыгэбзэ бзэщIэныгъэ фIэщыгъэцIэхэр къызэрыдгъэсэбэпар.

**Зэрыгъуэзэн псалъэхэр**: адыгэбзэ, лъабжьэпэ, лъабжьэужь, лъабжьэгъусэ, псалъэщI, лъэжьыгъэцIэ.

ЛэжьыгъэцIэм, адрей псалъэ лъэпкъыгъуэхэм елъытауэ, псалъэпкъыщI Iэмал нэхъыбэ иIэу бзэм хыболъагъуэ. Ахэр къытохъукI цIэхэм, къытемыкIа лэжьыгъэцIэ псалъэпкъхэм, зи щхьэ хущымыт псалъэ лъабжьэхэм лъабжьэгъусэхэр (лъабжьэпэ, лъабжьэужь е тIури зэгъусэу) пыувэкIэрэ, объектым е субъектым я щхьэ, псалъэщI преверб зэмылIэужьыгъуэхэр хэувэкIэрэ, псалъэпкъ зэхыхьэкIэрэ, н. [Шагиров 2004: 159].

Адыгэбзэхэм лэжьыгъэцIэ къызэрыщыхъу щIыкIэхэр джыным нэхъ кyyyэ телэжьыхьахэм ящыщщ Яковлев Н.Ф., Къумахуэ М.А., Шагъыр I. Къ., Урыс Хь.Ш., Дзыгъуанэ Р.Хь. [Яковлев 1938; Кумахов 1971; Урыс 2000: 122–130; Дзуганова 2005; Шагиров 2004: 159–172], нэгъуэщIхэри.

Адыгэбзэ лэжьыгъэцIэм мыпхуэдэ псалъэщI Iэмалхэр иIэщ:

а) лъабжьэпэкIэ, псалъэм папщIэ: *с-о-гъа-кIуэ* (*кIуэ-н*); *ху-з-о-тх* (*тхы-н*); *ды-з-о-хь* (*хьы-н*); *с-ху-о-щI* (*щIы-н*); *сы-т-о-плъэ* (*плъэ-н*); *сы-хэ-с-щ* (*сы*-р лэжьыгъэцIэ *щысын*-м и псалъэпкъщ); *мэ-у-фIыцI* (*фIыцIэ*).

ЛъабжьэгъусэкIэ лэжьыгъэцIэ псалъэ къызэрыхъу лIэужьыгъуэхэм ящыщу лъабжьэпэ псалъэщI Iэмалыр нэхъ пасэрейщ, икIи абыкIэ нэхъ псалъэ нэхъыбэ къохъу. ЛэжьыгъэцIэ къэзыгъэхъу лъабжьэпэхэм я мыхьэнэр псалъэпкъыщI къалэнымкIэ зэфIэкIыркъым − ахэр къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ граматикэ категорэхэм, псом хуэмыдэу щхьэ, лъэIэс-лъэмыIэс категорэхэм. ПсалъэщI, граматикэ категорэ къалэнхэр зэдэзыгъэзащIэ къэхъуныгъэхэм (хуэгъэуш, зыхуэгъэза, нэгъуэщI лъабжьэпэхэм) синкретикэ зэхэлъыкIэ яIэщ;

б) лъабжьэужькIэ, псалъэм папщIэ: *у-о-лъа-тэ* (*лъэтэ-н*); *у-о-плъэ-кI* (*плъэ-н*); *у-о-пэгэ-кI* (*пагэ*); *у-о-шэ-ж* (*шэ-н*); *у-о-щIы-ф* (*щIы-н*); *у-о-джа-щэ* (*е-джэ-н*); *у-о-шхэ-Iуэ* / *у-о-шхэ-къуэ* (*шхэ-н*); *у-о-хьы-пэ* (*хьы-н*).

ЛэжьыгъэцIэм и лъабжьэужь псалъэщI Iэмалым, лъабжьэпэ псалъэпкъыщIхэм елъытауэ, зэрызиужьар нэхъ мащIэущ. Абы и щхьэусыгъуэр псалъэпкъыщI лъабжьэужьхэр нэхъ иужьыIуэкIэ къызэрыхъуарщ. Абыхэм ящыщ языныкъуэхэр, псалъэм папщIэ, *-лIэ, -кIэ*-хэр, я мыхьэнэкIэ мыблагъэ объектым епхащ (елъыт: *е-кIуэ-лIэ-н, е-плъэ-кIы-н*); мыблагъэ объект къэзыгъэлъагъуэ *е-* лъабжьэпэр лэжьыгъэцIэ псалъэпкъым хыхьэркъым (елъыт: *е̲-с-хьэ-лIа-щ, уэ-с-хьэ-лIа-щ, е̲-с-щIэ-кI-а-щ, фэ-с-щIэ-кI-а-щ*);

в) зэхэлъхьэныгъэкIэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, лъабжьэпи лъабжьэужьи зэуэ псалъэпкъым пыувэныгъэкIэ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ лэжьыгъэр е хъеиныгъэр здэгъэза лъэныкъуэр къэзыгъэлъагъуэ лэжьыгъэцIэ псалъэхэр къохъу. Псалъэм папщIэ, *сы-до-кIуэ-й* (*сыдокIуей*)*, у-до-лъэ-й* (*удолъей*)*, ды-ре-хьэ-й* (*дырехьей*)*, ды-до-щIэ-й* (*дыдощIей*)*, къы-з-о-уэ-кI* (*къызоуэкI*);

г) псалъэпкъ зэхыхьэкIэрэ, псалъэм папщIэ: *д-о-плъы-х* (*е-плъы-н, е-хы-н;* елъыт: кIахэ *ы-хэ* «*зыгуэрым и лъабжьэ*»)*, и-д-о-дзы-х* (*дзы-н, е-хы-н*)*, д-о-жа-жьэ* (*жэ-н, е-жьэ-н*), *и-д-о-хьэ-жьэ* (*хьы-н, е-жьэ-н*)*, е-лъэдэкъэ-уэ-н* (*лъэдакъэ, уэ-н*)*, со-гу-фIэ* (*гу, фIы*).

Псалъэпкъзэхыхьэ Iэмалым и закъуэкIэ лэжьыгъэцIэ псалъэпкъ куэд къэхъуркъым.

Нэхъыбэрэ лэжьыгъэцIэ псалъэпкъ зэхэлъым и етIуанэ лъабжьэ пкъыгъуэу къакIуэхэр: *хы* (*е-хы-н*)*, жьэ* (*е-жьэ-н*)*, уэ* (*е-уэ-н*). *Хы* лъабжьэр инэхъыбэрэ лэжьыгъэцIэрщ, нэхъ мащIэрэ цIэрщ зи гъусэр, псалъэм папщIэ: *е-жэ-хы-н, е-лъэхъшэ-хы-н*. *Жьэ* лъабжьэм, зэрыхабзэу, лэжьыгъэцIэ псалъэпкъхэм ядэщIыгъуу псалъэпкъ зэхэлъ къегъэхъу: *е-лъэфэ-жьэ-н, е-ху-жьэ-н*. *Уэ* лъабжьэр нэхъыбэм цIэ псалъэпкъхэрщ зыпыувэр: *е-щхьэфэ-уэ-н, е-лъэбышэ-уэ-н.*

*-Хы, -жьэ* морфемэхэр нэхъапэм щхьитI лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсхэм я псалъэпкъыу щытащ, ауэ иджы ахэр зыхэт лэжьыгъэцIэхэр къызэрыпщыхьур щхьэзакъуэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсущ, псалъэухам лъабжьэпэ *е*-р зей и пкъыгъуэр зэрыдэхум къыхэкIкIэ (елъыт: *ар джабэм е-х-а-щ − ар е-х-а-щ; ар гъуэгуанэм е-жь-а-щ – ар е-жь-а-щ*). *-Хы, -жьэ* морфемэхэр щхьитI лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсхэм я псалъэпкъыу щыткIэрэ сыт щыгъуи мыблагъэ объектым и лъабжьэпэ *е*-м епхащ. Лъабжьэпэ *е*-м пыщIа псалъэпкъхэр куэд мэхъу. Абыхэм ящыщщ щхьитI лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсхэр: *е-фэ-н, е-жьэ-н, е-щэ-н, е-къу-н, е-сы-н, е-гийы-н, е-бэ-н*, н.

Зэпымыууэ лъабжьэпэ *е*-м епха щхьитI лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсхэм емыщхьу, псалъэпкъ *уэ, лъэ*-хэр къагъэсэбэп щхьэзакъуэ, щхьитI лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсхэм я псалъэпкъыу (елъыт: *ар ма-уэ, ар ма-лъэ, ар йо-лъэ*);

д) конверсиекIэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ лэжьыгъэцIэ парадигматикэ щIыкIэкIэ къэхъуныгъэ. Мы псалъэпкъ щIыкIэр зищIысыр псалъэпкъ хьэзырыр лэжьыгъэцIэм и псалъэхъуэжым (парадигмэм) псалъэщI морфемэ гуэри къыпымыувэу хэувэнырщ. *Щабэ* псалъэпкъыр зэрыщыту парадигмэ щыз лэжьыгъэцIэ хъейхэм я парадигмэ щызым зэрыхыхьэфынур псалъэщI лъабжьэгъусэ хэхахэр дэщIыгъуущ (*со-гъэ-щабэ*). Ауэ *пхъащIэ* псалъэпкъыр (*пхъэ + щIэ-н*) лэжьыгъэцIэм и парадигмэм псалъэпкъыщI лъабжьэгъусэ хэмыту хыхьэфынущ (*с-о-пхъащIэ*). КонверсиекIэ зэхуэпхь хъу псалъэхэр зэрыщыIэм къыхэкIкIэ, Iэмал имыIэу зэхэгъэкIын хуейщ псалъэпкъыщIымрэ псалъэщIымрэ. Щапхъэ къэхьам хыболъагъуэ *со-пхъащIэ* лэжьыгъэцIэр конверсие IэмалкIэ къызэрыхъуар, ауэ а лэжьыгъэцIэм и псалъэпкъыр псалъэзэхыхьэкIэщ къэгъэщIа зэрыхъуар. Хуиту цIэми лэжьыгъэцIэми я парадигмэм хыхьэ *пхъащIэ* псалъэпкъыр иджыреибзэм къызэрыщылъытапхъэр а тIуми я зэхуэдэущ, ауэ абы япэщIыкIэ иIар цIэ мыхьэнэщ, лэжьыгъэцIэ мыхьэнэр нэхъ иужькIэщ щигъуэтар;

е) зи щхьэ хущыт лэжьыгъэцIэ псалъэпкъхэр (къытещIыкIахэри къытемыщIыкIахэри) псалъэпкъ зэпыухэм ящыщ Iыхьэу хэувэныгъэ – преверб + *хьэ*, преверб + *кIы*, преверб + *сы*, преверб + *хы*; псалъэм папщIэ, *дэ-тIыс-хьэ-н* «зыщIыпIэ дыхьэу зыгуэрым я кум щытIысын» (елъыт: *дэ-хьэ-н,* «зыгуэрым я зэхуаку щыс щытыкIэр убыдын»*, тIысы-н*); *и-пщ-хьэ-н* «зыгуэрым и кIуэцIым пщыурэ

ихьэн» (елъыт: *и-хьэ-н* «зыгуэрым и кIуэцIым ибэкъуэн», *пщы-н* «ущылъу, Iэпкълъэпкъ псомкIи узыдэIэпыкъужурэ кIуэтэн»); *дэ-Iу-кIы-н* «макъ гуэр зыщIыпIэ дэкIыу Iун» (елъыт: *дэ-кIы-н* «зэхуаку гуэркIэ зыгуэр къызэбнэкIыу гъуэгуанэ кIун», *къэ-Iу-н* «зыщIыпIэкIэ къикIыу къызэхэхын (макъхэр)»; *хэ-пIыи-кIы-н* «зыгуэрхэм нэхъ кIыхьу пIийуэ къахэщын» (елъыт: *хэ-кIы-н* «узыхэта, узыхэса, узыхэлъа гуэр къэбгынэн», *пIыи-н* «зыгуэрым къыхэщу, къытещу, къыкъуэщу шияуэ щытын»); *нэ-хьэ-сы-н* «зыщIыпIэ нэс хьын» (елъыт: *нэ-сы-н* «кIуэуэрэ, кIуатэурэ зыщIыпIэ къыщыхутэн, къыщынэIуэн», *хьы-н* «IэкIэ пIыгъыу е птелъу зыгуэр зыщIыпIэкIэ гъэIэпхъуэн»); *дэ-шэ-хы-н* (елъыт: *дэ-хы-н* «зыгуэрым кIэлъыщIыхьэу блэкIын, щхьэпрыкIын», *шэ-н* «дэщIыгъуу, и гъусэу здэкIуэм нэгъэсын»).

Псалъэпкъ зэпыухэм лъабжьэ морфемэ пэлъытэу къыщокIуэ зи щхьэ хущымыт псалъэпкъ *-хь(э), -кI(э), -с(ы), -х(ы)*-хэр. ПыщIа зыдэхъухэмкIэ морфемэ *-хь(э), -кI(ы)*-хэм «*кIуэн*» мыхьэнэ къагъэлъагъуэ. *-Хьэ* морфемэм хьэпшыпым (предметым) хуэгъэза Iуэхугъуэ къегъэлъагъуэ, абы пэщIэуэу хьэпшыпым (предметым) къыбгъэдэкI Iуэхугъуэ къегъэлъагъуэ *-кI(ы)* морфемэм. *-Хьэ(э), -кI(ы)* морфемэхэр щIыпIэ преверб псоми япыщIа мэхъу, зэпыу псалъэпкъ куэд къагъэхъуурэ: *хэ-хьэ-н, хэ-кIы-н, гуэ-хьэ-н, гуэ-кIы-н, дэ-кIы-н*. Иужьрейхэм яхохьэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэми лъэмыIэсхэми я псалъэпкъхэр, елъыт: *хэ-ды-хьы-н (ды-н), те-у-фIеи-хьы-н (уфIеи-н), дэ-плъы-хьы-н (плъэ-н)*.

*Хьэ-, кIы*-хэм емыщхьу, *сы-, хы-* морфемэхэр пыщIа зыхуэхъур лъабжьэпэ зыныкъуэхэрщ, абы къыхэкIыуи псалъэ къэгъэщIынымкIэ я зэфIэкIыр нэхъ мащIэщ. Къапщтэмэ, лъабжьэ морфемэ *сы*-м лъабжьэгъусэ *нэ-, къэ-, зэхуэ*-хэр дэщIыгъуу псалъэпкъ зэпыухэр къагъэхъу, лъабжьэ морфемэ *хы*-м − *дэщхьэдэ*-р дэщIыгъуу (елъыт: *нэ-сы-н, къэ-сы-н, зэхуэ-сы-н, дэ-хы-н*).

«Лъабжьэпэ + *сы*» псалъэпкъ зэпыухэм я зэхуаку дагъэувэр зекIуэныгъэ къэзыгъэлъагъуэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэм я псалъэпкъхэрщ: *зэхуэ-хьэ-сы-н, зэхуэ-дзы-сы-н, зэхуэ-лъэфэ-сы-н, зэхуэ-тхъу-сы-н, зэхуэ-ху-сы-н. Зэхуэ-* лъабжьэпэм фонетикэ IукIэ лIэужьыгъуэу *зыхуэ-* иIэщ: *зыхуэ-дзы-сы-н*, н.

Псалъэпкъ *дэ…хы*-р пыщIа зыхуэхъур хъеиныгъэ къэзыгъэлъагъуэ лэжьыгъэцIэхэм я псалъэпкъ закъуэтIакъуэщ. ИщхьэкIэ къыщыкIуа *шэ-н, жэ-н*-хэм нэмыщI, абыхэм хохьэ *хьы-н, ху-н, дзы-н*-хэр, нэгъуэщI лэжьыгъэцIэ псалъэпкъхэр (елъыт: *дэ-хьэ-хы-н, дэ-ху-хы-н*).

Нэхъыбэ къызэрыхьу псалъэпкъ *щхьэдэ…хы*-р лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэми лъэмыIэсхэми я псалъэпкъхэм пыщIа мэхъу (елъыт: *щхьэдэ-хы-н* «зыгуэрым зэпрыкIын, икIын», *щхьэдэ-хьэ-хы-н* «зыгуэр зыгуэрым зэпрыхын», *щхьэдэ-лъэфэ-хы-н* «(нэгъуэщIыпIэ) зыгуэр плъэфурэ щхьэпрыгъэIэпхъукIын», *щхьэдэ-шэ-хы-н* «зыгуэрым щхьэпрышын», *щхьэдэ-ху-хы-н* «зыгуэр пхуурэ лъагапIэ гуэрым щхьэдэгъэхын», *щхьэдэ-пкIы-хы-н* «зыгуэрым зэпрылъын, зэпрыпкIын, щхьэпрылъын, щхьэпрыпкIын, елъэн», *щхьэдэ-пщы-хы-н* «упщурэ лъагапIэ гуэрым щхьэпрыкIын»).

Лъабжьэ морфемэ *хьэ-, кIы-, сы-, хы*-хэм превербхэм дэщIыгъуу къагъэхъур лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэм я псалъэпкъ къудейхэрщ. Ауэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэм я псалъэпкъыр псалъэпкъ зэпыухэм хэувэкIэрэ къэхъу лэжьыгъэцIэхэм лъэIэс мыхьэнэ ягъуэт, псалъэм папщIэ: *абы т-ри-щIы-хьа-щ* «абы зыгуэрым и щIыIум, и щыгум зыгуэр щиухуащ, щищIащ», *абы х-е-ды-кI* «абы щэкIхэкI с.ху. и щIыIум къытридзэу Iуданэрэ мастэкIэ тхыпхъэщIыпхъэ хещIыхь», *абы зэху-е-лъэфэ-с* «абы илъэфурэ зыгуэр зэхуехьэс», *абы и Iэр ди-шии-кIа-щ* «абы и Iэр зыщIыпIэ дэпIиикIыу ишиящ».

Аращи, хэгъэхьэныгъэ IэмалкIэ къэхъуа псалъэпкъ къытещIыкIахэр мы къэкIуэну лIэужьыгъуиплIым тебгуашэ мэхъу:

Преверб + псалъэпкъ + *хьэ*

Преверб + псалъэпкъ + *кIы*

Преверб + псалъэпкъ + *сы*

Преверб + псалъэпкъ + *хы*

«Преверб + псалъэпкъ + *кIы*», «преверб + псалъэпкъ + *хьэ*» моделхэр зэпкърылэжьыкIри зэмыхьэнэгъу гуэгъухэр яIэ хъуащ, еплъ: *дэ-плъы-кIы-н // дэ-плъы-н, дэ-плъы-хьы-н // дэ-плъэ-н, дэ-шии-кIы-н // дэ-шие-н, дэ-Iэбы-кIы-н // дэ-Iэбэ-н.* Псалъэпкъ гуэгъухэр *хьэ-, кIы-* морфемэхэм я мыхьэнэр зэрафIэкIуэдам ипкъ иткIэ къэхъуащ. *Хьэ-, кIэ*-хэм я къалэныр ягъэзащIэ мэхъу макъзешэ *ы/э*-хэм я макъзэблэхъум. Ауэ мы моделыщIэм къызэщIиубыдэркъым хэгъэхьэныгъэкIэ къэхъуа къытещIыкIа псалъэпкъ псори (елъыт: *къы-щхьэдэ-дзы-хы-н // къы-щхьэ-дэ-дзы-н, къы-щхьэ-дэ-лъэфэ-хы-н // къы-щхьэдэ-лъэфы-н*, ауэ *къы-щхьэдэ-бэкъу-хы-н, къы-щ-хьэ-дэукIурие-хы-н*).

Псалъэм къыдэкIуэу жыIапхъэщ превербхэм я мыхьэнэкIэ зэгуэгъухэр мымащIэу зэрыхэтыр. Абыхэм къагъэхъу лэжьыгъэцIэхэри зэмыхьэнэгъухэщ. Апхуэдэ моделхэм я нэрылъагъу нэщэнэ къытещIыкIа лъэжьыгъэцIэхэм яхуэхъур зэмыхьэнэгъу лъабжьэгъусэхэм гъунапкъэ зэхэщIыкIыгъуэ зэрамыIэщ, абы къешэ зэмыхьэнэгъу сатырхэр къэунэхуныр [Дзуганова, Бижоев 2015: 203];

ж) фонетикэ IэмалкIэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ псалъэпкъым и макъзешэ макъзэ-блэхъу къэхъукIэкIэ. Мы лэжьыгъэцIэ псалъэпкъыщI Iэмалым и Iуэху зытетыр мы-ращ. ЛэжьыгъэцIэм и псалъэпкъыр макъзешэ *э*-кIэ иухмэ, абы превербым дэщIыгъуу предметым хуэгъэза лэжьыгъэр егъэбелджылы. Абы щыгъуэ превербым увыпIэ пыухыкIа къегъэлъагъуэ (и кIуэцIым, и щхьэкIэ, и бгъумкIэ), псалъэм папщIэ: *шэ-н, и-шэ-н, те-шэ-н*. Iуэхугъуэм и пэщIэуэ унэтIыныгъэр къэгъэнэIуа мэхъу псалъэ-пкъым макъзешэ *э/ы*-хэм я макъзэблэхъум и фIыгъэкIэ (зэлъыт: *и-шы-н, и-шэ-н*).

ЛэжьыгъэцIэм и псалъэпкъыр макъзешэ *ы*-кIэ иухмэ, превербым и гъусэу абы предметым бгъэдэкI лэжьыгъэ къегъэлъагъуэ, елъыт: *дзы-н, и-дзы-н, те-дзы-н.* Лэжьыгъэм и пэщIэуэ унэтIыныгъэр къэгъэнэхуа мэхъу псалъэпкъым макъзешэ *ы/э*-хэм я макъзэблэхъумкIэ (зэлъыт: *и-дзэ-н, и-дзы-н*).

КъызэщIэткъуэжмэ, *э*-кIэ иух псалъэпкъым предметым хуэгъэза лэжьыгъэ, *ы*-кIэ иух псалъэпкъым предметым къыбгъэдэкI лэжьыгъэ къагъэлъагъуэ. БлэкIа зэманым деж зи гугъу тщIа фонетикэ жыпхъэхэм я зэпэщIэуэныгъэм къигъэлъ-агъуэ лэжьыгъэ унэтIыныгъэ зэмыщхьхэр гъэкIуэда мэхъу макъзешэ *э, ы*-хэр *а*-м, блэкIа зэманым и лъабжьэгъусэм, и пэ иту къыщыкIуэм деж, абы зэрызыщIишэм къыхэкIыу. Абы къэрокIуэ блэкIа зэманым и макъыншэ гъэпсыкIэ закъуэм кон-текст зэхуэмыдэхэм зэпэщIэуэ мыхьэнэхэр щаIэныр, елъыт: *щIэ-с-ш-ащ* «сэ ар абы щIэсшащ», «сэ ар абы къыщIэсшащ».

Зэрытлъагъущи, лэжьыгъэцIэм и псалъэпкъым макъзешэ *э, ы*-хэм щагъэзащIэ къалэныр ещхьщ псалъэпэ-зэхэлъ IэмалкIэ къэхъуа лэжьыгъэцIэ псалъэпкъхэм къызэрыкIуэ псалъэпкъ *-хь*(*э*), *-кI*(*ы*)-хэм щагъэзащIэм. Мыр гъэпсыкIэщIэщ. Абы щыхьэт тохъуэ зэпэщIэуэ унэтIыныгъэхэр морфологие IэмалхэмкIэ фIэкIа къы-щымыгъэлъэгъуа *хэ-тIы-кIы-н, хэ-тIы-хьы-н* псалъэпкъхэм къадэкIуэу *хэ-у-н, хэ-у-кIы-н, хэ-уэ-н, хэ-у-хьы-н*-хэм хуэдэ псалъэпкъхэри зэрыщыIэр.

ЛэжьыгъэцIэм и ухуэкIэм нэсу утетхыхьын папщIэ, псалъэпкъым и псалъэщI лъабжьэгъусэхэм яубыд увыпIэхэр, ахэр зэрызэкIэлъыкIуэр зэхэгъэкIын хуейщ. Морфемэхэр зыр адрейм зэремыщхьым гугъу къещI ахэр зэрызэхэувэнкIэ хъуну лIэужьыгъуэ псори зэхэхуныр. Ауэ морфемэ зыкъом щыIэщ гъусэ зыхуэхъухэмкIэ зэщхьу е зэпэгъунэгъууи, мис ахэр гуп пыухыкIахэу пхуогуэш.

ПсалъэпкъыщI лъабжьэгъусэхэм, псалъэхъуэж лъабжьэгъусэхэми хуэдэу, зэкIэлъыкIуэкIэ ткIий яIэщ. ПсалъэщI лъабжьэгъусэхэмрэ лъабжьэ морфемэ-хэмрэ зэмылIэужьыгъуэ куэду зэхэувэ пэтми, апхуэдэ лъабжьэгъусэхэр нэгъуэщI лъабжьэгъусэхэм убгъуауэ япыщIа хъуркъым. ЛэжьыгъэцIэ псалъэпкъым хыхьэ морфемэхэм я зэпыщIэныгъэхэр мащIэ зыщIхэм а лэжьыгъэцIэ псалъэпкъым и зэхэлъыкIэр къагъэхъу. ЛэжьыгъэцIэ псалъэпкъ къыщагъэхъум деж, дэтхэнэ лъаб-жьэпэ е лъабжьэужь гупми щхьэхуэу яIэжщ езым я зэкIэлъыхьыкIэ пыухыкIа.

Зы жыпхъэм ит лъабжьэгъусэхэр зы псалъэпкъым щызэхуэзэркъым. Псалъэм апхуэдэ морфемитI щызэрихьэлIэмэ, абы къикIыр бзэм и иджырей щытыкIэмкIэ а тIур зыуэ зэхыхьауэ аращ, этимологиекIэ убгъэдыхьэмэ, ар морфемэ

къытещIыкIауэ щытми. Къапщтэмэ, *хэ(ы)-, фIэ-* (*хэ-чы-н, фIэ-чы-н*) щIыпIэ морфемэ зэщхьхэм зы морфемэ къагъэхъу: *хы-фIэ-* (*хыфIэ-дзэ-н*). Мыбдеж морфемэр къызэрыхагъэкI дистрибуцэ пщалъэхэм щIыгъуа мэхъу псалъэщI пщалъэри: *фIэдзэн, хыфIэдзэн* псалъэхэм щхьэкIэ жыпIэ хъунукъым *фIэдзэн*-р къежьапIэу, *хыфIэ-дзэн*-р абы къытехъукIауэ.

Я IукIэкIи, я къежьэкIэкIи зэщхь морфемэ элементхэр ухуэкIэ зэмыщхьхэм хыхьэмэ, ахэр иджыреибзэм зэмыщхь щыхъуауэ аращ. Къапщтэмэ, *гъэ-къэбзэ-н – е-гъэ-гъэ-къэбзэ-н* псалъэхэр зэпэбгъэувмэ, иджыреибзэмкIэ *е-гъэ-гъэ-къэбзэ-н* псалъэм къыхэбгъэкI мэхъу хуэгъэушым и лъабжьэпэ *гъэ*-мрэ фактитивым и лъабжьэпэ *гъэ*-мрэ (елъыт: *къабзэ – гъэ-къэбзэ-н*).

ЛэжьыгъэцIэ псалъэпкъыщI лъабжьэпэхэм морфемэ зэкIэлъыхьыкIэм увыпIэ хэха щызыIыгъ гъэпсыкIэ гупибл къагъэхъу [КЧЯ 2006: 243].

**Япэ гъэпсыкIэ** – цIэ псалъэпкъхэм лэжьыгъэцIэ къазэрытехъукI фактитив лъабжьэпэ *у-, гъэ*-хэр. Мыхэр сыт щыгъуи псалъэпкъ къызытекIым и пэ иту къокIуэ (елъыт: *у-щэбы-н, гъэ-хуэбэ-н*).

**ЕтIуанэ гъэпсыкIэ** – япэ гъэпсыкIэм и лъабжьэпэм е, ар щыхэмытым, псалъэпкъ къызытекIым и пэ къихуэу къакIуэ хуэгъэушым и лъабжьэпэ *гъэ-* (елъыт: *е-гъэ-у-щэбы-н, е-гъэ-гъэ-хуэбэ-н, гъэ-кIуэ-н*). Зэрытлъагъущи, къэхъуфынущ мыпхуэдэ модель лIэужьыгъуэ: «хуэгъэуш лъабжьэпэ + лъабжьэ морфемэ Iэпхъуэ». Ауэ къэхъункIэ Iэмал зимыIэщ мыпхуэдэ модель: «хуэгъэуш лъабжьэпэ *гъэ-* + мыIэпхъуэ псалъэпкъ епха». Хуэгъэуш лъабжьэпэр мыIэпхъуэ лъабжьэ морфемэхэм щадэщIыгъуфынур щIыпIэ превербхэм къыщаухъуреихьым дежщ. Хуэгъэуш лъабжьэпэ *гъэ*-р хохьэ «зызымыубгъу преверб + псалъэпкъ мыIэпхъуэ»-м хуэдэ псалъэпкъым. НэгъуэщIу жыпIэмэ, лъабжьэ морфемэ мыIэпхъуэхэм щагъусэм деж хуэгъэуш лъабжьэпэ *гъэ*-р япыщIащ къыкIэлъыкIуэ ещанэ гъэпсыкIэр къэзыгъэхъу щIыпIэ превербхэм.

**Ещанэ гъэпсыкIэ** – япэ, етIуанэ гъэпсыкIэхэм и морфемэхэм е, апхуэдэхэр хэмытмэ, псалъэпкъ къызытекIым и пэ иту къакIуэ лъабжьэпэхэр. Ещанэ гъэпсыкIэм хохьэ зи бжыгъэкIэ нэхъыбэ дыдэ псалъэпкъыщI лъабжьэпэ гупыр – щIыпIэ превербхэр (елъыт: *и-гъэ-хьэ-н* «и кIуэцIым (*и-*) лъэщыгъэкIэ (*гъэ-*) гъэкIуэн (*хьэ-н*)»; *и-хьэ-н, и-гъэ-ты-н, и-ты-н, блэ-гъэ-кIы-н*.

**ЕплIанэ гъэпсыкIэ** – ищхьэкIэ къыщыхьа гъэпсыкIэ морфемэхэм е псалъэпкъ хуитым и пэ иту къакIуэ лъабжьэпэхэр. Мы гъэпсыкIэм хохьэ зэпыщIэныгъэм, зэщIыгъуныгъэм, язэхуэдэныгъэм я лъабжьэпэхэр, псалъэм папщIэ: *дэ-гъэ-кIуэ-н* «зыгуэрым и гъусэу (*дэ-*) залымыгъэкIэ (*гъэ-*) гъэкIуэн (*кIуэ-н*)»; *дэ-кIуэ-н*. ЕплIанэ гупым хыхьэ лъабжьэпэхэр мыхуит лъабжьэ морфемэхэм занщIэу япыувэнкIэ хъунукъым, превербхэм я гъусэу фIэкIа къызэрымыкIуэм къыхэкIкIэ.

**Етхуанэ гъэпсыкIэ** – зыхуэгъэза лъабжьэпэ *хуэ-* «зыгуэрым папщIэ», *фIэ-* «зыгуэрым и нэхейкIэ», IуэхугъуэмI Iэмал къэзызыгъэлъагъуэ лъабжьэпэ *хуэ-*. Мыхэр ипэ къит гъэпсыкIэхэм я лъабжьэпэхэм е, ахэр псалъэм хэмытмэ, зи щхьэ хущыт лъабжьэ морфемэм и пэ итыфынущ, псалъэм папщIэ: *ху-дэ-гъэ-кIуэ-н* «зыгуэрым папщIэ (*ху-*) зыгуэрым дэщIыгъуу (*дэ-*) хэгъэзыхьын (*гъэ-*) кIуэну (*кIуэ-н*)»; *хуэ-гъэ-кIуэ-н*; *хуэ-кIуэ-н*; *ху-дэ-гъа-кIуэ-р-къым*. IуэхугъуэмI Iэмал лъабжьэпэр псалъэпкъым и пэ щитыфынур а псалъэпкъыр лъэIэсу къыщыкIуэм дежщ. Абы къыхэкIкIэ лэжьыгъэцIэ псалъэпкъ *щIы-н* жыхуиIэм и гъусэу *хуэ*-р къыщагъэсэбэпым (елъыт: *хуэ-щIы-р-къым*), ар пыщIа зыхуэхъуфынур *кIуэн* лэжьыгъэцIэм и хуэгъэуш гъэпсыкIэ *кIуэ-н*-ырщ (елъыт: *хуэ-гъа-кIуэ-р-къым*). ЕплIанэ гъэпсыкIэм и лъабжьэпэхэм ещхьу, етхуанэ гъэпсыкIэм и лъабжьэпэхэр мыхуит псалъэпкъхэм я пэ къиувэфынукъым, псалъэм папщIэ: *фIы-ды-хэ-гъэ-ты-н* «зыгуэрым и нэхейкIэ» (*фIы-*) зыгуэрым и гъусэу (*ды-*) зыгуэрым и кIуэцIым (и кум) (*хэ-*) лъэщыгъэкIэ (*гъэ-*) щыгъэIэн (*ты-н*)»; *фIы-хэ-гъэ-ты-н; фIы-хэ-ты-н*.

**Еханэ гъэпсыкIэ** – лъэныкъуэ лъабжьэпэ (преверб) *къэ- / къы-, къа, къ-* «мыбыкIэ», *нэ- / ны-, на-, н-* (абыкIэ), псалъэм папщIэ: *къы-фIы-ды-щIэ-гъэ-кIы-н*

«зыщIыпIэ къикIыу (*къы-*) зыгуэрым фIэмыфIу (и нэхейкIэ) (*фIы-*) зыгуэрым и гъусэу (*ды-*) зыщIыпIэ къикIыу (*щIэ-*) залымыгъэкIэ (*гъэ-*) гъэкIуэн (*кIы-н*)»; *къы-щIэ-гъэ-кIы-н, къы-щIэ-кIы-н*. Еханэ гъэпсыкIэм и лъэныкъуэ лъабжьэпэхэр, щIыпIэ превербхэм къащхьэщыкIыу, мыхуит псалъэпкъ морфемэхэм занщIэу ябгъэдэувэркъым. Лъабжьэ морфемэ зыбжанэм ар яхузэфIокI: *-сы* (*къэ-сы-н*), *-нэ* (*къэ-нэ-н*). Ауэ щыIэкъым *нэ-нэ-н* модель.

**Ебланэ гъэпсыкIэ** – зыгъэзэж лэжьыгъэцIэхэр къызэрыхъу *зы-, з-* лъабжьэпэхэр, псалъэм папщIэ: *зы-къы-ху-хэ-дзы-н, зы-ху-хэ-дзы-н, зы-хэ-дзы-н, зы-дзы-н*. Зыгъэзэж лъабжьэпэхэри мыхуит псалъэпкъхэм занщIэу япыувэркъым, елъыт: *зы-къ-и-нэ-н*.

ГъэпсыкIэ зэхуэмыдэхэм я морфемитI зэхыхьэкIэрэ къэхъуа лъабжьэгъусэ зэхэтхэр зэуэ гъэпсыкIитIми щыщынущ, нэгъуэщIу жыпIэмэ ахэр зэрызэхэт Iыхьэхэм я увыпIэр яубыдынущ. Къапщтэмэ, гъэпсыкIэ еплIанэмрэ (*зэ-*) ещанэмрэ (*лъы-*) я лъабжьэпэхэр зэхыхьэу къэхъуа лъабжьэгъусэ *зэлъы*-р гъэпсыкIитIми я увыпIэм иувэнущ.

ЛэжьыгъэцIэ псалъэпкъыщI лъабжьэужьхэм я морфемэ зэкIэлъыкIуэкIэм гъэпсыкIиплI иIэщ [КЧЯ 2006: 145].

**Япэ гъэпсыкIэм** хохьэ псалъэу куэд къэзымыгъэхъу лъабжьэужьхэу *-тэ, -и*, нэгъуэщIхэри къызытекI псалъэпкъым и ужь иту къакIуэхэр, псалъэм папщIэ: *кIуэ-тэ-н*.

**ЕтIуанэ гъэпсыкIэр** къагъэхъу япэ гъэпсыкIэм и лъабжьэужьхэм я ужь иту къакIуэ *-лIэ, -й(ы)* лъабжьэужьхэм, япэ гупым щыщ хэмытмэ, ахэр къызытекI псалъэпкъым занщIэу къакIэлъокIуэ. Морфемэ *-лIэ*-р псалъэпкъым хыхьэныр Iэмал имыIэу епхащ мыблагъэ объектым, псалъэм папщIэ: *е-кIуэ-тэ-лIэ-н*. Морфемэ *-и(ы)*-ри хохьэ мыхуитхэм, нэгъуэщIу жыпIэмэ лъабжьэпэ *д(э)*-м дэщIыгъуу фIэкIа къагъэсэбэпыркъым, псалъэм папщIэ: *дэ-кIуэ-тэ-и-н, дэ-кIуэ-и-н*.

**Ещанэ гъэпсыкIэ** – зыгъэзэж Iуэхугъуэ къэзыгъэлъагъуэ лъабжьэужь *-жы*, псалъэм папщIэ: *е-кIуэ-тэ-лIэ-жы-н, кIуэ-тэ-жы-н, кIуэ-жы-н*.

**ЕплIанэ гъэпсыкIэм** хохьэ Iуэхугъуэр екIуэкIыну зэфIэкI зэриIэр къэзыгъэлъагъуэ лъабжьэужь *-ф(ы)*-р, апхуэдэуи *-щэ-, -Iуэ-, -пэ* лъабжьэужьхэр. Елъыт: *е-кIуэ-тэ-лIэ-жы-фы-н, е-кIуэ-тэ-лIэ-фы-н, кIуэ-тэ-фы-н, кIуэ-фы-н*; къыщынэмыщIауэ: *е-кIуэ-тэ-лIэ-жы-Iуэ-н, е-кIуэ-тэ-лIэ-жы-пэ-н*.

Аращи, лэжьыгъэцIэм псалъэпкъыщI Iэмал зыбжанэ иIэщ. ИщхьэкIэ зэрыщыжыIащи, ахэр цIэхэм, къытемыкIа лэжьыгъэцIэ псалъэпкъхэм къатохъукI: псалъэщI преверб зэмылIэужьыгъуэхэр хэувэу (*шэ-н, и-шэ-н, те-шэ-н*), лъабжьэпэкIэ (*мэ-у-фIыцI*), лъабжьэужькIэ (*лэжьэ-н*), зэхэлъхьэныгъэкIэ (лъабжьэпэ-лъабжьэужькIэ) (*сы-до-кIуе-й*), псалъэпкъ зэхьыхьэу (*и-д-о-хьэ-жьэ*), конверсиекIэ (*со-пхъащIэ*), фонетикэ IэмалкIэ (псалъэпкъым и макъзешэ макъзэблэхъу къэхъукIэкIэ: *хэ-у-н, хэ-уэ-н*).

Абы къыщынэмыщIауэ, ди къэхутэныгъэм щыдубзыхуащ лэжьыгъэцIэ псалъэпкъ къыщыхъум лъабжьэпэ е лъабжьэужь дэтхэнэми щхьэхуэу езым я зэкIэлъыхьыкIэ пыухыкIа зэраIэжыр икIи зы жыпхъэм ит лъабжьэгъусэхэр зы псалъэпкъым щызэрызэхуэмызэр. Абы къыхэкIкIи псалъэпкъыщI лъабжьэпэхэм морфемэ увыпIэ зэкIэлъыхьыкIэм елъытауэ гъэпсыкIибл къагъэхъу, псалъэпкъыщI лъабжьэужьхэм я морфемэ зэкIэлъыкIуэкIэм гъэпсыкIиплI къыхыбогъуатэ.

## ТегъэщIапIэ хъуа литературэр


1. *Дзуганова Р.Х.* Морфонологические процессы в кабардино-черкесском словообразовании. Нальчик: Эль-Фа. 2005. 216 с.

2. *Дзуганова Р.Х., Бижоев Б.Ч.* Синонимия превербов в кабардино-черкесском языке // Известия Кабардино-Балкарского научного центра РАН. 2015. № 4 (66). С. 201–205.

3. *КЧЯ – Кабардино*-черкесский язык: В 2 т. / Главный редактор М.А. Кумахов. Т. 1. Нальчик: Эль-Фа, 2006. 550 с.
4. *Кумахов М.А.* Словоизменение адыгских языков. М.: Наука, 1971. 342 с.
5. *Урыс Хь.Щ.* Адыгэбзэм и тхыдэ. IыхьитIу зэхэлъу. Налшык: Эльбрус, 2000. 360 н.
6. *Шагиров А.К.* Фонетика и морфология кабардинского языка. Нальчик: ГП КБР «Республиканский полиграфкомбинат им. Революции 1905 г.»; Эль-Фа, 2004. 220 с.
7. *Яковлев Н.Ф.* Краткая грамматика кабардино-черкесского языка. Вып. I. Синтаксис и морфология. Ворошиловск: Орджоникидзевское краевое издательство, 1938. 143 с.

## СПОСОБЫ ОБРАЗОВАНИЯ ГЛАГОЛОВ В КАБАРДИНО-ЧЕРКЕССКОМ ЯЗЫКЕ

**Шериева Нина Гумаровна**, кандидат филологических наук, старший научный сотрудник сектора кабардино-черкесского языка Института гуманитарных исследований – филиала Федерального государственного бюджетного научного учреждения «Федеральный научный центр «Кабардино-Балкарский научный центр Российской академии наук» (ИГИ КБНЦ РАН) , nina.sherieva@mail.ru

Задача данной статьи, во-первых, продемонстрировать способы образования глагольной основы; во-вторых, определить порядок расположения аффиксов при формировании основы слова. Аффиксы, участвующие в производстве глаголов, выстраиваются в строго определенной последовательности. Как видно из статьи, глагольные словообразующие префиксы имеют четыре порядка последовательности, глагольные словообразующие суффиксы образуют семь порядков. Как показывает исследование, в современном кабардино-черкесском языке основными источниками образования основ глагола являются префиксы, суффиксы, совместное участие и тех и других, а также словосложение. Путем анализа обширного языкового материала удалось выявить более или менее продуктивные модели и средства словообразования глаголов, проследить ряд изменений, произошедших в этой сфере в ходе развития языка.

Необходимо отдельно подчеркнуть, что впервые в статье применена система адыгоязычных лингвистических терминов, разработанная доктором филологических наук Бижоевым Б.Ч.

**Ключевые слова**: кабардино-черкесский язык, приставка, суффикс, аффикс, словообразование, глагол.

## WAYS OF VERBAL WORD FORMATION KABARDINO-CIRCASSIAN LANGUAGE

**Sherieva Nina Gumarovna**, Candidate of Philology, Senior Researcher of the Kabardino-Circassian Language Sector of the Institute for the Humanities Research – Affiliated Federal State Budgetary Scientific Establishment «Federal Scientific Center «Kabardian-Balkarian Scientific Center of the Russian Academy of Sciences» (IHR KBSC RAS), nina.sherieva@mail.ru

The purpose of this article is, first, to demonstrate the ways of forming a verb stem; secondly, to determine the order of the affixes when forming the word stem. The affixes involved in the production of verbs are lined up in a strictly defined sequence. As you can see from the article, the verbal word-forming prefixes have four orders of sequence, the verbal word-forming suffixes form seven orders. As the study shows, in the modern Kabardino-Circassian language, the main sources of the formation of the verb stems are prefixes, suffixes, joint participation of both, as well as word composition. By analyzing the vast linguistic material, it was possible to identify more or less productive models and means of word formation of verbs, to trace a number of changes that have occurred in this area during the development of the language.

It should be emphasized separately that for the first time in the article the system of Adyghe language linguistic terms, developed by the doctor of philological sciences Bizhoev B.Ch.

**Keywords**: Kabardino-Circassian language, interrogative form, prefix, suffix, affix word formation, verb.

DOI: 10.31007/2306-5826-2020-3-46-90-96